

Chans Pou Devlopman na Peyi dayiti e Karaib nan  
Konteks Globalizasyon ak Liberalizasyon Komès

Diskou pa Mariama Williams, PhD

[Mariamaw@hotmail.com](mailto:Mariamaw@hotmail.com)

Seminè organize pa Koneksyon Ayiti

26 Oktòb, 2007 Inivèsite Nouvel Grand'Anse

27 Oktòb, 2007 Fonkoze Òditoryoum, Potoprens

- I. Istwa brèf sou fenomèn globalizasyon
- II. Globalizasyon, liberalizasyon komès ak makro politik yon an zòn karaib
- III. Enpak globalizasyon ak liberalizasyon komès genyen sou “gender” (seks)
- IV. Rezime ak refleksyon yo

## **Entwodiksyon**

Gen anpil mit y oak lide fèt yo sou globalizasyon. Kòm ekonomis Deepak Nayyar di, pawol globalizasyon li itilize nan de (2) jan ki pote konfizyonan: 1. Nan yon sans pozitif li dekri yon pwosesis kote entegrasyonan li ògmonte nan yon ekonomi mondyal. 2. Nan yon sans nòmatif pou preskri yon strateji devlopman ki baze li menm sou yon entegrasyon rapid andan ekonomi mondyal a. Kòm Nayyar di, gen moun ki wè sa kòm salvasyon, lòt yo wè sa kòm danmnasyon.

Vreman vre restriktirasyon ekonomik, politik ak sosyal ki akonpanye globalizasyon ekonomik (sa vle di entegrasyon mondyal nan domèn komès, investisman, ak finans) kree òpotinite yo, boulvèsman yo e dislokasyon. Tou, restriktirasyon an anjandre yon chanjman nan sa nou konprenn sou sa sitwanete li ye ak ki sa gouvènans li ye nan lavi fanm y oak lòm yon nan peyicommonwealth yo. Chanjman say yo gen menm fòs pou yon deranjman pwofond, menm jan yo konn genyen nan istwa globalizasyon an kit e mache avan moman a nou viv kounyea. Istorikman premye etap yon an globalizasyon yo te kree Caricom, Cariforum ak ASC.

Nan ki direksyon moman globalizasyon an nou viv kounyea pral deroule ni si l ap pote òpòtinite yo pou yon avansman nouvo, pozitif e dirab, oubyen ni si chanjman pral pote majinalizasyon e povrete, sa depan kapasite ak volonte pou travay ansanm pou devlope strateji, taktik yo, politik yo ak pwogram yo, ki kapab sirpase limit yo ki model yo ki nou itilize kounyea genyen, e si yo kapab pwomovwa dwa fanm yo, diyite imèn ak devlopman imèn e sosyal.

Nan moman sa a politik piblik eekonomik nan zòn karaib gen anpil kontrent yo paske gouvènman yo te aksepte yon pakèt règleman sou komès ak investisman. Se sa ki enflianse jan gouvènman karaib yo fè desizyon konsènan komès, investisman e defini devlopman ekonomik. Men kanmenm gen libète ladan tou, nan ki jan gouvènman vle itilize mwayen ekonomik e nan ki jan yo vle kontwole resous yo genyen. Anplis jan gouvènman karaib define pwiyorite sosyal e piblik gen rasin nan dinamik entèn, dinamik yo ki sòt klas, seks, ras, e eritaj esklavaj e kolonyalism.

### **1. Yon rezime trè brèf sou fenomèn globalizasyon**

Vreman vre globalizasyon pa yon nouvo realite. Nou deja fè eksperyans avek globalizasyon avan jounen jodia. Li pa genyen yon enpak benefisyel sou lavi nou. Se byen sir nou deja te viv minimum sou 2 etap globalizasyon, youn se ten a 19vyèm syèk,

mwen rele sa globalizasyon pre-modèn, e nan 20tyèm syèk globalizasyon modèn. Tan pa pemèt nou pou nou pale ak pwofondè sou globalizasyon ekonomi mondyal. Men mwen eseye kanmenm fè yon rezime byen brèf sou faz yo nan pwosesis globalizasyon e pou souliye sa yo genyen nan komen ak sa kote yo diferan. Anpil moun mete aksan sou globalizasyon kom yon strateji pou devlopman. Mwen kwè li enpòtan pou nou konprenn ke globalizasyon li menm pa garanti kapasite pou elimine povrete, egalite ant seks yo e devlopman dirab. Faz yo globalizasyon presedan te montre nou devlopman ki pa byen ekilibre, relasyon sosyal ki an biyè, e kontinyasyon enegalite ant fanm e lom.

#### 1a. Globalizasyon pre-modèn – kolonyalism ak enperyalism

Nan istwa globalizasyon li pa yon nouvo fenomèn men se yon pwosesis kontini. Li gen rasin nan komansman endistralizasyon, sa vle di kapitalis. Nan system sa se nesè pou cheche moun ki fè travay pou yon pri byen ba, e cheche mateyèl premyè a pri byen ba tou. Sa te nesite ekspansyon lerop na afrik, azi e amerik, e kree yon inite nou rele karaib. Motè deyè ekspansyon sa a te chache pou metal presye e machanandiz. Nan youn sik oubyen faz pita nou te gn fenomèn imigrasyon, paske te gent wop moun e pa ase travay. Nan faz imigrasyon an moun kite lerop pou ale amerik, brazil, ostrali, e new zealand oubyen lòt kote.

Etablisman ekonomi, plantasyon yo nan amerike kòz pou komès esklavaj e yon mouvman masif ; mouvman pou mennen men dev a pari byen byen ba, moun sa yo te selman yon ti kras pi wo esklav yo. E yo te sòti peyi end ak kontinan azi. Motè deyè mouvman sa a te leta yo nan lerop ki te gen yon patenarya avek antreprenè prive. Se te patenarya sa a ki te bay nesans a konpani yo ki leta te sponsorize. Egzanp se te Dutch ak British East India Companies. Nan peryòd sa a nou te wè yon konpetisyon enènasyon ki e tèlman entansif ant peyi yo e ant inite leta e kazi leta.

Pita konpetisyon entènasyon te ant antrepriz nasyon yo. Se te leta nasyon yo ki te jere konfli sa yo. Jodia konpetisyon sa a li ant gwo, gwo antrepriz transnasyon yo. E se enstitisyon multilateral ki jere konfli sa yo, kom WTO, OECD, G8, CAFCA. Jodia nou gen yon mouvman pou entèdepandans mondyal ant mache yo ak pwosesis pwodiksyon yo. Motè deyè mouvman sa a se teknoloji ki cheche pou mwayen kote nou bezwen mwens moun pou fè travay a. Tou sa ki enpòten nan sistèm sa a se kreasyon pèpètèyèl pou pwodwi nouvo. Sa se nesè pou nou toujou asire nou fèbenefis.

Sa ki enpòtan nan pwosesis istorik nan globalizasyon se etabli regleman ak enstitisyon yo nan nivo nasyon ak mondyal ki kapab asire pwosesis akimilasyon. Règleman yo nesè tou pou noua sire ke konpetisyon an pa gen enpak restriktif. Tnzantan sa pa mache e rezilta se vyolans. Nou te wè sa nan 19vièm syèk kote nou te genyen konpetisyon ant eropeenne yo na afrik. E nou te gen yon gwo dezòd ekonomi entènasyon. Rezilta dezòd sa a se te yon konferans ki te fèt nan Berlin (1865). Konferans sa a te prann desizyon pou divize afrik ant pouvwa maje eropeenne yo. Nou ka di tou se konferans sa a te ede aranjman jeografik nan zòn karaib. Konferans na Berlin te etabli lape, men se te yon lape ki te frajil, e ki te kraze avek premyè e dezyèm lagè mondyal.

Konferans nan Berlin nan te sèvi kom modèl pou pwosesis globalizasyon. Eritaj peryòd sa a se te byen yo ki sòt afrik e zòn karaib sèvi kom baz materyèl pou pwosperite ki te mennen nou nan 20tyèm syèk. Enm si jounen jodia nou pale sou de-mateyalizasyon pwodiksyon an, nesesite pou materèl a pri byen ba ak men dev a pri byen ba toujou egziste andan nouvo ekonomi mandyal. Jodia se pa nesesè mennen travayè kote nou fè pwodwi yo. Jodia nou gen anpil fleksibilite pou mennen pwodiksyon a kote travayè yo. Konsa nou pa gen bezwen anko pou yon ekoulman men dev. Men aksan li anpil sou ekoulman kapital ak sèvis yo.

#### 2a. Globalizasyon modèn : Nei-kolonyalis ak Konsolidasyon kontwol

Menm jan nou te gen yon peyòd avan konferans na Berlin, evènman depresyon nan lane 1930's te mennen yon revizyon komès entènasyonal ak kreasyon GATT. GATT te redwi tarif yo ak lòt anpèchman nan mouvman pwodwi, kapital ak sèvis. Mouvman sa a te ranfòse yon tranfè pouvwa, sa vle di pi gwo pouvwa se pazanko grand bretagne men zetazini. Sistèm te etabli ki rele Bretton Woods sistèm pou jere komès entènasyonal ak sistèm monetè. Sistèm sa a te komanse nan 1944 jiska 1973re kree FM e bank mondyal ki travay an patenarya avek GATT e konplèks militè endistryèl asire ekspansyon mache mondyal la.

Pandan peryòd sa a nou te gen yon koezyon sosyal nan peyi yo nan nor. Koezyon sa a te sou konsansis Keynezyen ki te pote yon akò ant ravayè yo e setè bizness pou kek distibisyon akimilasyon kapital pou yon pwogram asirans sosyal ak yon ògmantasyon na sa moun touche.

Gouvènman yo nan peyi nor yo te kalibre ekonomi yo pou asire ke chak moun jwenn djob e moun genyen asirans sosyal. Sa te posib paske peyi soudevelope te eksplwate anpil, anpil e ekplwatasyon te f et tou na kek sektè nan ekonomi peyi nor kom fanm yo e mou koulè yo. Eksplwatasyon sa a te kle pou riches nan peyi nor yo. Kanmenm nan komansman 1970 pri pou pwodwi yo ki nesesè pou pwodiksyon endistyeèl kom petwol, yo te disponib prske san limit e a trè bon mache. Pri sa a monte nan peyi soudevelope pake peyi sa yo te eseye re-striktire nan ki jan yo te vle vann pwodwi yo nan mache entènasyonal. Se te ak ògmantasyon konpetisyon entènasyonal ant antrepriz miltinasyonal yo an lerop e japon e antrepriz ameriken yo ki te dininye benefis yo. E sa e fè sistèm Bretton Woods.

#### 3a. Globalizasyon post modèn

Nan mitan ane 1970 majorite peyi OECD te gen enflasyon wo e pwodiksyon ba. Lè sa a bizness ak gouvènman yo te mete strateji yo sou plas pou yo ka ògmonte pwofitablite ekwasans. Strateji yo kom reòganizasyon sistèm taks pou diminye taks antreprizyo ta sipoze peye. Tou yon chanjman nan fokus yon politik ki te vle asire totu moun jwenn djob, nan yon fokus pou limite enflasyon an. Yo te diminye depans gouvènmantal pou pwogram sosyal yo e yon sispansyon gleman yo nan mache de travay e de finans. Pwosesis sa yo te jwenn plis fòs paske a menm tan nou te gen yon revolisyon na domèn kominikasyon, telekominikasyon,

pwodiksyon endistriyeèl e tou nan jesyon tan. Tout sa te restriktie baz endistiyèl nan ekonomi mondyal.

Globalizasyon nan denyè pa nan 20tyèm syèk li pi konpreansif . E se sel etap globalizasyon ki te pa gen presede pa yon lagè cho mondyal. Etap globalizasyon sa a li fasilite pa divès mekanis e pwosesis. Kek mekanis ak pwosesis nou deja te wè yo nan lòt etap yo men ki diferan.

Tipikman mekanis sa yo genyen

1. Presans ak fonsyonman yon pouvwa ekonomik ki sipèvize pwosesis sa a. Nou te di deja se te zetazini ki te asime pouvwa sa a. Avan sa se te Grand Bretagne ki te gen wol sa a. Li sanble ke zetazini aji avek G-7 men pouvwa prensipal militè se toujou Ameriken. Menm si kounyeal zetazini eseye aji avek yon fòs entènasyonal (kom nan lagè kont irak e nan lagè na kosovo).
2. Akò yo ki fasilite yon ekschanj an òd nan pwosesis pwodiksyon, pa egzanp sistèm mltilateral komèsyal sou Akò WTO.
3. Règleman ki mèmèt ekoulman li kapital la. Pa egzanp gid pou envistisman TRIMS ak lòt tantatif pou etabli yon sistèm mililateal pou envistisman.
4. Yon mache de travay ki segmante a travè yon divizyon entènasyonal ki baze li menm sou ekschanj ant peyi sid yo kip a egalego. Peyi nò yo yo spesyalize nan fabrikasyon e ekspò nan mendèv ki koute chè e ki gen gwo valè. Peyi sid yo spesyalize nan pwodiksyon ak ekspò nan pwodwi primè yo, ak resous natirel e yo itilize mendèv a pri bon mache e se mendèv fanm yo.
5. Divizyon nan mendèv pa seks li baze li menm nan yon idyoloji patriakal. Wòl fanm yo se nan domèn prive, domestik men si gen bezwen n ap entegre yo na mache travay pou ekplwate abilite spesyal fanm yo pou yon salè byen ba.

Karakteristik spesifik yo pou etap globalizasyon modèn gen 7 tandans yo :

1. Entenasyonalizasyon pwodikyon an (re-striktirasyon mondyal). Motè sa a se fleksibilite nan pwodiksyon ki pèmèt antrepriz yon a plizyè lokalite yo kote yo pwodwi kek pa yo men yo asanble yon an yon lòt kote pou distribisyon.
2. Chanjman rapid nan teknoloji yon an enfòmasyon, mikro, bio ak telekominikasyon. Sa gen yon enpak sou pozisyon konpetitif yon peyi genyen, e pwodwi yon chanjman mwens fabrikasyon plis sèvis ak teknoloji.
3. Liberalizasyon komès ak tantatif pou retire tout limtasyon nan envestisman dirèk ki sòt etranjè.
4. Moblite ekstrèm kaapital finasyèl kom yon ajan mondyal e ki gen kom rezilta yon enflyans enòm sou politik nasyonal yo. Karakteristik peryòd globalizasyon kounyela se kapasite sektè finans lan pou asire liberalizasyon nan peyi yo a menm tan ke yo liberalize mache pou pwodwi yo ak sèvis yo.

5. Antrepriz transnasyonal yo gen plis an plis pouvwa.
6. Leta restriktire (aksan sou rediksyon sèvis sosyal yo, privatizasyon, de-règleman). Tou leta yo bay plis pouvwa ak òganizasyon yo multilateral kom WTO, CAFTA, FTAA ak antrepriz transnasyonal.
7. Fòmasyon a travè plizye peyi yo ki fòme gwoup ekonomik rejon yo.
8. Transfè yo

Anplis gen plis aksan sou privatizasyon konesans a travè TRIP, komès nan sèvis y oak teknoloji enfòmasyon e litasyon nan mouvman mendèv.

## II. Globalizasyon, liberalizasyon ak makro politik na karaib.

M ap rapidman idantifye pwen prensipal nan epoch globalizasyon nou viv kounyela e enpak yo genyen nan peyi yon a karaib. Leta karaib yo, Ayiti tou, yo angaje, konpwomi e gen konplisite nan chak aspè yo.

### II.1. Dinamik ekstèn ak defi yo.

Premyèman anpil nasyon nan karaib yo entegre nan chen pwodiksyon entènasyonal sou pwodiksyon vètman ak elektronik e nan domèn enfomatik nansektè sèvis a. Yon karaktèistik prensipal se majorite travayè se fiy yo ye. Tou karaib gen koneksyon avek pwosesis globalizasyon a travè komyalizasyon nan agrikilti non-tradisyonel kom flè yo. Sa gen enplikasyon pou itilizasyon resous y oak kontwol and gason e fiy e tou pou travay fiy yo.

2. Aksan sou konpetisyon mondyal te diminye sektè fabrikasyon (gason yo te pèdi djòb yo, ògmantasyon nan sektè sèvis ki gen kom travayè plis fanm ladan l). Sa se sityasyon nan karaib. Gen gwo varyasyon ant peyi karaib yo e sa depan tou strateji yo itilize pou devlopman. Plis nan kek peyi yo fanm yo travay nan fabrikasyon ki pa bezwen anpil abilite e ki pa peye anpil e gason yo jwenn dominans ankò nan domèn ekonomik avek mouvman nan sektè fabrikasyon ki gen plis vale deplase fanm yo.
3. Anpil nasyon yo komanse rapidman avek liberalizasyon komès (lit e komanse avek SAP e li akselere kounyela sou WTO). Nan kek peyi nan CARICOM espesyalman Jamaik sa te yon dezaf pou sektè agrikiltirèl e nan sektè letri. Nan peyi Dayiti enpak pi fò se ten an pwodiksyon diri. Pwosesis sa a gen anpl enpak nan domèn seks, sosyal, ak anviman e gen irjans pou nou egzamine sa.
4. Kek nasyon yo an karaib, Ayiti ladan yo, yo angaje yo menm nan yon pwosesis koèsyal rejon: CARICOM, CARIFORM, ACS. Tout aktivite say o gen enplikasyon pou fòse yon chanjman nan politik nasyon yo.
5. Anpil nasyon yon an Karaib kom Ayiti, gen kontrent paske yo oblije swiv règleman yo ki mache entènasyonal finasyè enpoze. Sa gen konsekans pou peyi yo. Yo gen mwens fleksibilite nan politik yo pou reponnn a bezwen nasyon yo e pou mete kom priyorite imèn kom egalite ant fanm ak lom e eliminasyon povrete a.
6. Konsenan re-striktirasyon leta aksan prensipal pou òganizasyon multilateral e bayè de fon (FMI, Bank Mondyal, USAID, BID) te privatizasyon, vann byen piblik yo, e inite leta yo, kòm telefon, elektrisite elatriye. Tou yo mete anpil aksan sou

refòm sektè piblik la ak refòm gouvènman lokal pou yo genyen plis yon òryantasyon pou yo kapab fonksyone nan mache.

7. Peye dèt te mete yon gwo kontrent nan politik pou devlopman. Inisyatif Gleneagles kouvri Ayiti men ½ miya kola ki Ayiti dwè BID la pa ladan. E s apral twa oubyen plis ane yo jiska Ayiti pral wè anilasyon dèt la. Ayiti komanse ak refòm ekonomik yo (privatizasyon dlo ak elektrisite), e sa pral genyen yon enpak negatif sou kapasite li nan pwodiksyon e diminye aksè pou pov yo. Dèt Ayiti genyen jounen jodia li 1.4 miya dola chak ane Ayiti bezwen peye 60 milyon dola.
8. Anpil nasyon Karaib yodepan transfè yo. Se lajan ki sòt dyaspora. Transfè yo pou Amerik Latèn ak Karaib te 32 miya dola nan 2002. Se 2% GDP. Transfè yo pou Ayiti yo sòt zetazini, dominikani, e se plis ke 900 miyo dola pa ane.

Finalman liberalizasyon komès se yon aspè enpòtan nan pwosesis globalizasyon jounen jodia. WTO se yon akitektè enpòtan nan pwosesis sa a. Ajanda antrepriz yo spesyalman nan sektè bankè asire aksè ak kontwòl mache yo.

Globalizasyon kote WTO se lider gen enplikasyon nan nivo entènasyonal pou devlopman nan leta yo nan pti l yo. Sa ki pi enpòtan pou diskisyon jodia se sa genyen enplikasyon pou angajman leta yo pou koezyon sosyal, egalite ant fanm ak lom, demokrasi ki patisipatif. Se enpòtan pou nou mete anpil atansyon sou egalite fanm ak lom ak enpak sosyal ki politik komès yo genyen.

## II.2. Dinamik entèn ak defi

Dinamik entèn ak defi yo ki anfas anpil ekonomi yo nan Karaib kom Ayiti li ye na tranzisyon yon ekonomi kip a totalman yon ekonomi mache li ye ak yon ekonomi mache lib. Tranzisyon an yon ekonomi mache lib gen koneksyon avek pwosesis globalizasyon jounen jodia, men gn tantatif òtonòm yo tou ki sòt strikti ekonomik ak aranjman sosyal e politik ki egziste deja. E pwosesis globalizasyon pral ranfòse yo ni nan jan pozitif ni nan jan negatif. Nou gen 5 karateristik nan pwosesis sa a :

1. Nou gen yon politik makro ekonomi ki limite
2. chanjman nan strikti ekonomi a
3. Nou fè bak nan devlopman sosyal e imèn
4. Pwoblèm yo nan anviman
5. yon fokis a kote sosyete sivil sou pwèn 1-4, e nan ki jan etablisman politik pral reponn a efò sa yo. Pou kenbe diskou sa a pi brè mwen selman pral pale sou kek aspè sa yo.

Men avan sa mwen vle eksplike ki sa mwen vle di lè mwen pale sou tranzisyon yon ekonomi kip a totalman yon ekonomi mache a ak yon ekonomi mache lib la. Nou ka di ke nan anpil nasyon yo nan Karaib yoo gen yon ekonomi mache a ki evolye. Kanmenm malgre yon eksperimantasyon pwolonje avek mache a nou wè atansyon pa fèt pou konsidere mikro e meso detay yo. Pa egzanp peyi yo pa devlope enfrastruktir pou fasilite devlopman sektè agrikiltirel ak sektè touris. Yo neglije fè atansyon nan system transpò pou fasilite pwodiksyon e lavi kotidyenn pou la majorite moun yo espesyalman moun ki viv nan zòn riral ak zòn sivil yo. Anplis mache travay ali pa ase dinamik. Nan ka peyi Dayiti nou gen “Brain Drain”.

Konsa nou wè yon sektè prive ki pa dinamik e ki sanble kom li depan nan gouvènman. Anplis nou en rigidite e prejijman nan mache kredi, nan administrasyon règleman gouvènmantral e anviman pou bizness ki travay kont mkroantrepriz e ki fòse yo pou yo travay nan maj sektè enfòmèl yo. Men se prezizeman sektè sa a ki genyen eleman yo ki adaptif e kreatif e ki sous potansyèl pou avantaj konpetitif e pou kwasans nan ekonomi.

Lè realite sa a an fas model yo neoliberal kote nou gen mouvman pou yon kreyasyon yon mache lib, kote wòl gouvènman li diminye e kote nou gen de-règleman e privatizasyon sa pral pote yon gwo shok ekonomkman. Nan peyi Karaib yo sag en enplikasyon serye pou sèvis sosyal yo pou yon system tranpò e menm pou enstitisyon yo jidisyè.

Etik mache lib li karakterize pa avaris endiviyeèl e engra endiviyèl. Nou emprime nosyon sa yo nan yon sosyete ki gen yon lide sitwayen ki deja diminye e yon sosyete kip a fè atansyon a bezwen pov e vilnerab yo.

Rezilta tout sa se yon politizasyon nan tout aspè yo nan lavi, edikasyon, sante, sistèm jiridik, alimantasyon, tè, abitasyon, e menm anviman. Konsa endividi yo aji kom yo gen dwa a resous komen pa paske yo sitwayen oubyen paske yo gen lwalite men paske yo gen Ekspektasyon ke lidè politik yo pral bay yon bagay. Konsekans sa e se yon de-imanizasyon nananpl sekè yo nan popilasyon an e aksè a edikasyon, jistis, e swen sante se yon jouet politik.

Refòm ekonomik. Fokis kounyela nan politik makroekonomi se limite enflasyon (resaman yo mete akson sou bijè ki balanse). Konsa li sanble ke politik makroekonomik te inore yon fason sistematik baz mikro e meso ekonomi. Balanse yon bijè nanyon ekonomi ki pa grandi vle dig en yon kout ekonomik e sosyal nan chomaj e na posiblite pov yo pou yo jwenn ase maje e pou yo kapab abiye yo menm. Evidans nan Jamaik montre si foks ekonomik li Selman fè atansyon pou redwi deficit nan bijè gouvènmantral e redwi sa gouvènman ka depanse e pa konsantre anlaji baz taks la, pov yo pral soufri plis, e pov yo se majorite fanm yo ye. Lè standa lavi a li menase sa òmonte tansyon an nan domèn fanm ak lom, klas, e ras. Tansyon sa yo jwenn ekspresyon nan krim, vyolans, vyolans domestik, abi seksyèl fanm e fiy yo.

III. Enpak globalizasyon e liberalizasyon komèsyal nan Karaib genyen sou fanm ak lom yo.

Analiz sa a bezwen idantifye na ki jan globalizasyon gen yon enpak ki diferan pou fanm e pou lom. Enpak sa a li diferan pou fiy e pou gason nan chay sosyal, abilite pou jwenn salè, anlwa, povrete, ak strateji yo pou viv e pwodwi riches. Nou bezwen mete aksan nan ki jan libealizasyon na komès mete konternt nan fanm yo ak aksè e kontwol resous yo.

IV. Rezime e refleksyon yo

Menm si globalizasyon e dakò yo sou komès mete anpil kontrent nan desizyon gouvènmantral yo, gouvènman yo toujou gen ase espas pou yo ka aji. Yo toujou kapab defini politik nasyonal e jere e kontwole resous nasyonal yo. Konsa gouvènman yo gen yon gwo reskonsablite pou asire yon anviman kote tout sitwayen yo gen chans pou kree

opòtinite yo ki pèmèt devlopman kapasite imèn nan sèvis kominote a. Pou realize sa nou bezwen yon vizyon, konsansis e angajman nan sa nou rele yon bon sosyete. Pou jwenn sa, ki eleman yo nou bezwen mete sou plas ? E an ki jan enstitisyon yo bezwen fonsyone pou asire sa.

Pou Ayiti e lòt peyi nan Karaib pou yo travay pou yon devlopman imèn ki ase sansib na kesyon fanm e lom la nou bezwen

- Selektivite nan liberalizasyon komès, investisman ak mache travay a ki ekilibre dwa timoun, dwa fanm ak dwa lom e menm dwa nasyon yo kont konpetisyon ekonomik mondyal.
- Anile dèt se yon minimum pou asire yon devlopman ki dirab e ki ase sansib konsènan kesyon fanm e lom.
- Kontwole mouvman kapital entènasyonal, friz spekilasyon monetè, avans avek yon politik makroekonomik ki grandi e ki bay kondisyon nesèsè yo pou asire kwasans dirab nan lemon. Mwen dakò avek J. Bhagwat ki di, « Sa ap fè sans lè nou di mouvman lib kapital la li nesèsè pou lemon fonksyone e si nou pa pèmèt mouvman lib kapital la lemon pa kapab fonsyone e nou pa gen kwasans ».

Nannivo nasyonal e rejyonal gouvènman yo nan peyi Dayiti e nan lòt peyi karaib yo bezwen

- Mete yon strateji sou plas ki itilize investisman, finans, ak komès ki genyen posiblite pou sèvis nasyonal ak peogram spesyal pou gwoup yo ki plis vilnerab. Gouvènman yo bezwen ankouraje devlopman antrepriz lokal yo avek mezi yo kom diminisyon taks pou akonpaye antreprenè lokal yo, peyizan yo ak antreprenè fiy yo.
- Bay sektè sosyal priyorite pou finanse li avek lajan piblik, e pa pèmèt provatizasyon kip a gen kontwol sou li. Se enpòtan anpil pou asire nou ke gouvènman y opa fè chanjman ki ranpase monopol piblik ak yon monopol prive kip a efikas paske si chanjman sa ta fèt, sitwayen yo espesyalman sitwayen pòv yo pral pèdi sèvis sosyal yo nan men leta.
- Kenbe dwa pou mete kontwol sou investisman ki sòt etranjè e pwoteje balans finansyè. Sa vle di tou nou bezwen mete limitasyon yo nan sa nou enpòte. Nou bezwen mete kondisyon yo so plas pou benefis yo ka rete nan peyi a. E chak leta bezwen mete yon politik soup ye ki ankouraje “saving” domestic e akouraje investisman ki gn kom objektif amelyorasyon kondisyon sosyal e ekonomik pou fanm y oak sektè yo ki plis majinalize. Sektè majinalize yo baze yo menm sou ras e etnisite e pèp endyen yo, abitan orijinal an peyi yo.